# QARAQALPAQLARDA ÓZ ARA JÁRDEM KÓMEK INSTITUTÍ: IZERTLEWLERGE QÍSQASHA SHOLÍW

**Xojaniyazova Gulshana Muratbaevna**
*Nókis Innovation institutı, Nókis*

Etnografiyalıq izertlewlerde dástúriy óz-ara járdem tek ǵana sociallıq ámeliyat emes, bálkim hár túrli jámiyetlerde sociallıq múnásibetlerdiń tiykarın payda etiwshi áhmiyetli mádeniy element esaplanadı. Dástúriy óz-ara járdem jámiyet aǵzaları ortasındaǵı óz-ara májbúriyatlardı qollap-quwatlaw hám birgelikte háreket etiwdi óz ishine aladı. Bul bolsa, sociallıq baylanıslardı bekkemlew hám mádeniy dástúrlerdi saqlawǵa járdem beredi.

Qaraqalpaqlar turmisında óz ara járdem máselesi T.A.Jdanko [3] tárepinen fundamental izertlewlerdi ámelge asırıw maqsetinde alıp barılǵan etnografiyalıq ekspediciya nátiyjelerinde járiyalanǵan bolsa, R.Qosbergenov [6] izertlewlerinde óz ara járdem máselesin: hár túrli xalıqlar turmısında hár túrli atlar menen ushırasatuǵın ǵalabalıq járdem dep kórsetiledi. Akademik S.Kamalov[5]tıń monografiyasında bolsa urıwlıq tiykardaǵı aǵayın-tuwısqanlar arasındaǵı kómek dep keltiriledi. X.Esbergenov [4] miynetlerinde hám A.Bekmuratovalardıń [1] izertlewlerinde shańaraqlıq kólemdegi beriletuǵın járdem túrleriniń ayırım túrlerine toqtaladı.

Kórsetilgen bul izertlewlerde óz ara járdem sociallıq institutın analizlew, ulıwma alǵanda onıń áyyemgi mánislerin anıqlawǵa yamasa ayrıqsha elementleriniń bir waqıtları bar bolǵan túrleri haqqında túsindiriwge háreket etilmegen. Izertlewshiler bul izertlewlerde tiykarınan óz ara járdem, *kómek* máselesine awıl xojalıq jumıslarındaǵı uruwlıq kólemdegi járdemge itibar qaratıp máseleni ústirtin úyrenedi hám tiykarınan feodal-baylardıń ekspluatatorlıq xarakterdegi háreketlerin ashıp beriwge umtıladı.

Keyingi dáwir izertlewshilerinen M.Davletiyarovtıń sociallıq institutlarǵa baǵıshlanǵan kólemli izertlewlerinde qaraqalpaqlar arasındaǵı óz ara járdemniń ayrım táreplerine toqtalıp ótedi. Tiykarınan – *«kómek»* óz ara járdem dástúri mádeniyat komponentlerinen biri ekenligin aytıp, onıń sociallıq áhmiyetin, toy hám basqa máresimlerdi shólkemlestiriw máselelerin, qońsılar arasındaǵı qatnasıqlardı ashıp beriwge háreket etedi [2:97]. Biraq, ol óz izertlewlerinde óz ara járdem dástúrin sociallıq institut sıpatında qarap ótkeni menen bul dástúrdiń turmıstıń barlıq tarawlarındaǵı róline ayrıqsha qarap ótpeydi.

Al, qaraqalpaqlarda kómekke tiykarınan egis dáwirinde hám orım-jıyım waqtında múrájat etilgen bolıp, onda aǵayın-tuwısqanlar, qońsılar hám awıllaslar qatnasqan. Olar kóbinshe erte báhárde suwǵarıw sistemaların tazalaw hám ózlestirilgen jańa jerlerge suw dereklerin jasalma túrde alıp keliw waqtında úlken fizikalıq kúshke aylanǵan.

Qaraqalpaqlar awıl xojalıǵı jumısları qatarında qurılıs jumıslarında da kómek aytıp imarat tiklegen. Turar jay hám basqada imaratlar qurılısında kómek tórt basqıshda aytılǵan, bunda jaydıń tiykarǵı tırnaǵı (fundament) ushın kómek, diywalın óriw ushın kómek, tóbesin bastırıwǵa kómek hám sıbaw ushın kómek aytılǵan.

Awıl xojalıq hám qurılıs tarawlarınan basqa, qaraqalpaqlarda toy hám basqada máresimler *(janaza, sadaqa, kishi kólemli miymandoslıq merekeler)* úlken kólemde ótkeriletuǵınlıǵı sebepli, aǵayin-tuwısqan, jaqın doslar, qońsılar arasında kómek aytıw dástúrge aylanǵan. Qaraqalpaqlarda toy hám máresimlerde kómek usılı tómendegi basqıshlarda: máresim aldı, máresim dawamında, máresimnen keyingi járdemlerdiń ámelge asırılıwın baqlawımızǵa boladı:

- **toy yamasa máresim** *(sadaqa, janaza, kishi kólemli merekeler)* **aldı** járdemler bolıp, bular máresimdi atqarıwdı shólkemlestiriwde fizikalıq miynet tiykarında járdem etiw; qońsı er adamlar tárepinen máresim malı (soyıslıǵı) soyılıwı, máresimdi shólkemlestiriwde taǵamlardı pisiriw ushın oshaqlardı qazıw, qońsı hayallar tárepinen «kepkir kúydi» dástúrin ótkerip, máresimdi atqarıw ushın bawırsaq pisiriw, nan jabıw; qonaq (qonıq) úylerge arnawlı tayarlanǵan dasturxanlar (bawırsaq, nan, pechene, konfet h.b.) tarqatıw.

- bolajaq máresimniń atqarılıwında aǵayin-tuwısqan, jaqın doslar tárepinen máresim aldı natural *(mereke beriwshiniń zárúrligine qaray kerekli nárseni ákelip beriw)* kórinisinde yamasa qarjılay járdem etiw; *nemewrin, jabıw, oramal salıw, ońbolsın* dástúrleriniń ótkeriliwi.

- **máresim dawamında beriletuǵın járdemler** tiykarınan quwanıshlı túrde ótkerilip atırılǵan toy bolsa quwanıshına sherik bolıp qollap-quwatlap merekesin atqarıssa, janaza yamasa qanday da bir kewilsiz jaǵdaylar júz bergen jaǵdayda qayǵısın bólisiw maqsetinde kewil bildirip ruwxıy hám morallıq jaqtan qollap-quwatlanıladı.

Sonıń menen birge, hámme jaqınlar aǵayin-tuwısqanlar, jaqın doslar, qońsılardıń qarjılay kórinisindegi járdem túri *«spisok» yamasa «dizimnen ótiw»* kórinisindegi járdem túri bar bolıp, bunnan basqa máresim dawamında jaqın tuwısqanlar tárepinen járdem kórinisinde alıp kelinetuǵın sawǵalar tawar, oramal, hayallar jeńsizi yamasa jemper hám erler shapanı bolıp, olar tiykarınan qanday da bir sıylı qonaqlarına yamasa úyleniw toyın berip atırǵan úyge keliwshi quda hám qudaǵaylardı sarpaylaw sıyaqlı ámellerdi atqarıwda paydalanıladı.

-**máresimnen keyin beriletuǵın járdemler**ge tiykarınan máresim ótkeriwshi xojalıqtıń tuwısqanları hám qońsıları tárepinen beriletuǵın járdem esaplanadı. Yaǵnıy, olar máresim bolıp ótken úydiń úy-átirapları, úy xojalıq buyımların tártipke salıw maqsetinde jıynaladı. Al, toydı ótkergen úy olar ushın arnawlı dasturxan tayarlap qonaq etip kútip jiberedi. Bul jaǵday xalıq arasında *«top tarqatar»* dep atalsa, bazı rayonlarda yaǵnıy Qońırat, Shomanay rayonlarında *«amanlıq sadaqası»*

yaǵnıy merekeni aman tarqanqanlıǵı ushın sadaqa berse, Ámiwdárya rayonında *«oshaq kómdi»* dástúriniń bar ekenligi menen itibarǵa ılayıq.

Demek, kómek sociallıq institutınıń qatnasıwshıları tiykarınan tuwısqanlar, aǵayinler, jek-jat hám jaqın doslar, qońsılar esaplanıp, hár qanday jaǵdayda kómek aytıwshınıń zárúrliginen kelip shıqqan halda háreket etiledi. Bul háreket bolsa óz náwbetinde, ekonomikalıq zárurlikten kelip shıqqan halda shańaraqta, jámiyette áhmiyetli orınǵa iye bolıwına, qarap qaraqalpaqlardıń sociallıq-ekonomikalıq turmısında normaǵa aylanıwına alıp keldi.

Toy yamasa janaza máresimleri sıyaqlı shańaraqlıq máresimlerdi ótkeriwde járdem beriw kóbinese jámáát aǵzaların birlestiredi, sociallıq baylanıslardı bekkemleydi hám birgelikte bayramlaw yamasa aza tutıw ushın imkaniyatlar jaratadı. Sonıń menen birge, jıyım-terim yamasa qurılıs sıyaqlı jámáátlik jumıslarda járdem beriw jámáátlik kúsh hám óz-ara juwapkershilikti kórsetedi, bul jaǵday bolsa jámááttiń bekkemligi hám birdemliginiń tiykarı esaplanadı.

Qaraqalpaqlardıń qayır-saxawat etiw dástúrleri olardıń mádeniy hám sociallıq turmısınıń áhmiyetli baǵdarlarınan biri bolıp, jámiyettiń barlıq qatlamların qamtıp alǵan birdemlik hám óz ara járdemniń tereń qádiriyatların sáwlelendiredi. Qaraqalpaqstan jámiyetinde qáwenderlik járdemleri kóbinese mútájlerge biypul járdem kórsetiw maqsetinde ámelge asırılıp, bul tek ǵana materiallıq járdem emes, bálkim ruwxıy jaqtan járdem, óz-ara járdem tarmaqların jaratıw, jámiyet turmısında belsene qatnasıwdı da óz ishine aladı.

Xalqımız qıyınshılıq waqıtlarda elimizdegi sociallıq qorǵawǵa mútáj qatlam wákillerin qollap-quwatlaw jumıslarında belsene qatnastı, COVID-19 pandemiyası sıyaqlı zamanagóy jaǵdaylarda qayır-saxawatlılıq hám qáwenderlik járdemlerdiń áhmiyetli ekenligin kórsetti. jәám járdem kórsetiw dástúri qaraqalpaqlar tariyxında belgili iz qaldırǵan. Máselen, Ámiwdáryada suw kóbeygen, xalıq selden jábir kórgen waqıtlarda awıllar birlesip, jábir kórgen awıllarǵa járdem kórsetken. Bul tariyxıy mısallar awır waqıtlarda qaraqalpaqlardıń joqarı dárejede jámáátlik juwapkershilik tiykarında bir-birine járdem beriwge tayar ekenligin kórsetedi.

Juwmaqlap aytqanimizda, kómektıń bazı túrleri zamanagóy sharayatta transformaciyaǵa ushıraǵanlıǵı menen xalıqtıń turmısında áhmiyetin joǵalıtpadı. Qaraqalpaqstannıń túrli aymaqlarında toplanǵan dala jazıwları materialların analiz etiw bizge sociallıq integraciya hám turaqlılıq mexanizmlerin jaqsı túsiniw imkanın beredi. Dástúriy óz-ara járdem máselesin úyreniw hám tariyxıy, hám zamanagóy tárepleri esapqa alınatuǵın itibarlı hám hár tárepleme jantasıwdı talap etedi, bul bolsa óz náwbetinde onıń jámáátler turmısındaǵı rólin tolıǵıraq túsiniwimizge járdem beredi.

## ÁDEBIYATLAR:


1. Бекмуратова А. Быт и семья каракалпаков в прошлом и настоящем. – Нукус: Каракалпакия, 1969.

2. Давлетияров М.М. Традиционные социальные институты каракалпаков. Монография. – Нукус: Илим, 2019.

3. Жданко Т.А. Быт каракалпакского колхозного аула (Опыт этнографического изучения колхоза им. Ахунбабаева Чимбайского района Каракалпакской ССР) // СЭ. – М., 1949.

4. Есбергенов Х. Қарақалпақлардың гейпара дәстүрлери ҳаққында. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1964.

5. Камалов С. Каракалпакии в XVIII-XIX вв. (К истории взаимоотношений с Россией и среднеазиатскими ханствами). – Ташкент: ФАН, 1968. –с. 137-138.

6. Косбергенов Р. Положение каракалпакского населения в Хивинском ханстве в конце XIX-начале XX века // Труды Хорезмской археолого-этнографической экспедиции. Т. III. – М., 1958.